



Pou Piblikasyon Imedya: 12/14/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KWASANS LAVANT AGRIKÒL NEW YORK DEPASE MWAYÈN NASYONAL

Enistri New York te bat nouvo rekò e li te anrejistre yon ogmantasyon \$1.7 milya nan resèt lajan kach depi 2010

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kwasans lavant agrikòl nan New York te depase mwayèn nasyonal la, avèk resèt lajan kach jiska 36 pousan nan eta e sèlman 32 pousan nan tout peyi a. Nan 2014, agrikiltè yo nan Eta New York egalman te bat yon nouvo rekò lavant avèk \$6.36 milya nan resèt lajan kach, jiska \$4.7 milya nan 2010, sa ki reprezante preske \$1.7 milya ogmantasyon nan revni brit apati lavant rekòlt, bèt domestik, ansanm avèk lòt pwodui yo.

“Eta New York se kay pou pwospere biznis agrikilti ki rekoni pou bon jan kalite pwodui ak prim degistasyon,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Angajman kontinyèl administrasyon sa pou diminye sou fòmaliite administratif, diminye depans epi investi nan endistri enpòtan sa ap peye dividand jodia. Mwen konplimante tout agrikiltè New York yo pou yon lòt ane rekò.”

Depi li te antre nan administrasyon an, Gouvènè Cuomo te fè ekonomi agrikòl eta yon gwo priyorite, sipòte rechèch agrikòl, pwomote manje ki grandi lokalman, ede komèsyalize endistri bwason atizanal, epi konekte agrikiltè nou yo ak biznis agrikilti nan nouvo mache yo grasa mache agrikiltè, magazen Taste NY epi ogmante opòtinite acha.

Kòm yon rezilta, New York te obsève yon ogmantasyon nan revni brit anyèl mwayèn ak yon ogmantasyon enpòtan nan lavant anpil gwo pwodui ki fèt nan eta. Depi 2010, machandiz ki annaprè yo te montre pi gwo ogmantasyon:

- Bèt volay ak ze jiska 63 pousan pou rive a \$206 milyon;
- Pèch jiska 80 pousan pou rive a \$12.6 milyon;
- Pwodiksyon myèl jiska 59 pousan pou jiska anba \$9 milyon;
- pwodiksyon bèt monte jiska 132 pousan pou rive a \$415 milyon; and
- Fwen jiska 173 pousan pou rive a \$147 milyon.

Estimasyon nasyonal pou menm pwodui sa yo pou menm peryòd la se:

- Bèt volay ak ze jiska 39 pousan;
- Pèch jiska 2 pousan;
- Pwodiksyon myèl jiska 38 pousan;
- Pwodiksyon bèt monte jiska 59 pousan; e
- Fwen jiska 63 pousan.

Endistri letye New York la te anrejistre yon rekò egalman nan pri elve 2014, sa ki konstitye apeprè mwaye nan resèt agrikòl eta.

Inisyativ Taste NY Gouvènè a kontinye ap elaji depi lansman l nan 2013, ede pou relye pwodiktè lokal nou yo ansanm avèk kiltivatè pou rive a konsomatè yo toupatou nan mond lan atravè aktivite, vizit kilinè ak diferan magazen Taste NY. Ane sa a, eta te ouvè kat magazen Taste NY, enkli premye magazen andeyò Eta New York nan Pòtoriko. Kounye a genyen 11 magazen Taste NY sou otowout nou yo ak nan sant transpòtasyon yo, pèmèt wwayajè yo achte pwodui ki fèt lokal ak nan Eta New York. Mache Taste NY la nan Todd Hill pa twò lontan de sa te depase \$1 milyon nan lavant. Eta egalman te òganize twa vizit kilinè Taste NY nan 2015 ki te reyini ansanm plis pase 100 restoratè, anpil ladan yo soti nan pati sid eta, pou rive nan Finger Lakes, Hudson Valley ak rejyon Long Island pou eksperimante kalite ak divèsite pwodui spesifik agrikilti nan rejyon an epi ankouraje sous lokal yo.

Gouvènè Cuomo te fè anpil pwogrè nan ede pwodiktè agrikòl nou yo e kiltivatè yo ap tape nan mache Vil New York la, epi konekte avèk lekòl nou yo. Pwogram Fèm a Lekòl ki te anonse pa twò lontan de sa ap ede lekòl Pre-K-12 achte epi sèvi manje ki grandi lokal nan meni lekòl nou yo, ogmante demann pou pwodui agrikòl yo. Anplis, patenarya nan eta e an patikilye, nan pati sid eta, ap ede ensdistri a pote machandiz ak pwodui li yo nan yon kantite mache agrikiltè kap grandi.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap dirije egalman kwasans elaji endistri bwason an ki baze sou fèm. Revizyon nan règleman lejislativ ak règlemantè, makonnen avèk amelyorasyon enpòtan nan klima biznis eta, te stimile rekò nan kwasans pwodiktè atizanal, pandan lap ogmante demann pou pwodiktè agrikòl yo. Depi 2011, endistri a te gen yon ogmantasyon an jeneral 154 pousan. New York kounye a gen plis pase 800 byè, diven, bwason, ak biznis sidr, ki kontribye plis pase \$27 milya nan ekonomi New York chak ane.

Komisyonè Agrikilti Eta New York Richard A. Ball te deklare, “Avèk angajman Gouvènè a pou grandi ekonomi agrikòl la epi ogmante inovasyon ak rezistans agrikiltè Eta New York yo, Eta New York gen yon konbinezon gayan. Pa gen dout ekonomi agrikòl la pi solid pase anvan. Avèk rekò lavant ak yon tandans kwasans enpòtan nan anpil atik enpòtan, New York kontinye pou l yon lidè nan agrikilti.”

Dean Norton, Prezidan Biwo Fèm New York te deklare, “Kwasans lavant agrikilti demontre ke agrikilti nan eta sa se yon endistri ki enpòtan anpil nan ekonomi riral New York. Sa a te ka pa posib san travay san relach ak angajman ki te demontre sou fèm yo nan chak rejyon pou grandi bon jan kalite pwodui ke konsomatè yo vle. Kwasans lan

demontre tout sa ki posib lè Eta amelyore klima biznis pou fanmi agrikiltè yo epi investi nan pwomosyon endistri a.”

Dapre yon etid Pwofesè Cornell, Todd Schmit, te fè, sektè agrikòl New York gen yon efè miltiplikasyon solid sou ekonomi eta a. Pou chak dola ki depanse nan pwodi agrikòl, yon lòt \$.43 kreye pou sektè ki pa agrikòl. Mete sou sa, chak nouvo dyòb ki kreye nan agrikilti pwovoke kreyasyon 80 dyòb ki pa agrikòl.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418